

# PWOTEKSYON IMIGRASYON POU TRAVAYÈ K AP DEFANN DWA TRAVAY

Èske ou se yon travayè imigran ki ap sibi abi nan espas travay ou? Èske yo pa peye ou kòm sadwa? Èske yo vyole dwa lasante ak sekirite ou? Diskriminasyon? Oswa reprezay paske ou nan yon sendika?

## Gid sa a se pou ou.

Travayè imigran yo sibi anpil, menm twòp abi nan travay yo men yo pè ki konsekans sa kapab genyen nan zafè imigrasyon si yo ta rapòte sa. Travayè imigran yo te gouden epi yo te arive genyen yon nouvo kalite pwoteksyon pou ede travayè ki nan sitiyoasyon sa: Aksyon Difere pou Ranfòsman Travay (DALE) “Deferred action for labor enforcement”.

**DALE** bay pwoteksyon tanporè (kat lane) kont depòtasyon ak otorizasyon travay pou travayè ki ap travay oswa ki tap travay yon kote yon ajans travay ap mennen envestigasyon. **Gid sa montre’w etap pou ou aplike pou DALE.**

Nan chak paj gid sa, nou pral suiv egzanp travayè Konpayi Penti ABC (“ABC Paint Company”) yo nan kanpay yo pou defann dwa travay yo ak sipò pwoteksyon DALE.



# ETAP 1: Idantifye yon Vyolasyon Lwa Travay

Premyèman, w ap bezwen idantifye ki vyolasyon espesifik yo fè kote wap travay la epi idantifye ajans ki gen otorite pou mennen ankèt sou sa. Sa kapab yon ti kras konplike. Genyen plizyè ajans yo otorize pou envestige sou divès vyolasyon. Ajans yo ka mennen ankèt sou yon vyolasyon sèlman si yo rapòte yo sa nan yon sèten tan apre vyolasyon an fin fèt. Tablo ki anba a gen ladann enfòmasyon sou ajans federal kle yo. Sendika ou, sant travayè ou, oswa avoka ou ka ede ou konnen tout bagay sa yo! Yo ka fè w konnen tou si ajans travay eta kotew ye a oswa lokal ou a gen estanda ki pi wo.



**BWAT TIRAJ:** Asire'w ke ou kenbe fich pèman oswa lòt dosye ki idantifye anplwayè ou epi ki montre vyolasyon dwa travay la.

 <b>Si wap sibi:</b>	 <b>Lè sa ou ka rapòte sa bay:</b>	 <b>Epi ou ta dwe ranpli nan:</b>
Reprezay paske nou nan sendika	Konsèy Nasyonal Relasyon Travay (NLRB) “National Labor Relations Board (NLRB)”	6 mwa
Peye pi piti ke salè minimòm federal la (\$7.25 lè)	Depatman Travay Ameriken (US DOL) “US Department of Labor (US DOL)”, Divizyon Salè ak Orè, “Wage and Hour Division”	2 zan (3 zan si anplwayè ou pat pridan oswa li te konnen)
Travay plis pase 40 èdtan/semèn san yo pa peye lè siplemantè	Ajans: US DOL, Divizyon Salè ak Orè, “Wage and Hour Division”	2 zan (3 zan si anplwayè ou pat pridan oswa li te konnen)
Kondisyon danjere oswa reprezay paske ou rapòte kondisyon danjere sa yo:	US DOL, Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay (OSHA) “Occupational Safety and Health Administration (OSHA)”	6 mwa (Kondisyon danjere) 30 jou (pou reprezay)
Diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap oswa lòt karakteristik ki pwoteje:	Komisyon Opòtinite Travay Egal (EEOC) “Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)”	180-300 jou, sa depann de kote ou ye a.

**Egzanp:** o te ap vòlè salè travayè nan Konpayi Penti ABC (“ABC Paint Company”) pandan plizyè lane. Finalman, yo te pale ak sendikalis ki nan sant travayè lokal yo a, ki te eksplike yo ke yo ta ka pote plent nan Divizyon Salè ak Orè nan Depatman Travay Ameriken pou vyolasyon lwa sou salè minimòm federal la. Men, gen kèk travayè ki te pè reprezay yo ta ka fè sou yo sou baz imigrasyon—espesyalman paske yon sipèvizè te fèk fè kòmantè sou estati imigrasyon yo.

## ETAP 2: Depoze yon Plent nan yon Ajans Travay

Lè ou fin idantifye ki vyolasyon lwa travay espesifik yo ki ap fèt nan espas travay ou, li lè pou deposite yon plent! Tout travayè yo gen dwa pou pote plent, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Pifò ajans yo aksepte plent pa telefòn oswa sou entènèt. Ou ka jwenn enstriksyon sou sit entènèt ajans lan.

Plent ou a ta dwe bay ase detay pou montre ke yo vyole lwa travay yo. Travay ak sendika ou, sant travayè ou, oswa avoka ou pou fè plent ou an solid. Si ou enkyete w pou w fè plent lan sou non w, sant travayè w la oswa sendika w la gendwa deposite plent la nan non yo.

Si ajans travay la aksepte plent ou a, li pral kòmanse yon ankèt. Ankèt la ka dire plizyè semèn rive plizyè lane. Yo ka mande pou fè entèvyou ak ou oswa pou w bay dokiman. Yo pa ta dwe mande w — ni ou pa bezwen bay enfòmasyon menm si ou ta vle — sou estati imigrasyon ou.

Si ajans la jwenn patwon w lan te vyole lalwa, Ajans ap rekouvri (fè ou touche kòb ou) salè ou, fè w rejwenn travay ou, oswa jwenn lòt konpansasyon pou ou.

**Egzanp:** Plizyè travayè nan Konpayi Penti ABC te simonte laperèz yo epi pòte plent pou patwon yo paske li te vòlè salè yo. Divizyon Salè ak Orè Depatman Travay Ameriken an te louvri yon ankèt. Envestigatè yo te fè entèvyou ak travayè yo epi yo te mande dokiman pou kore reklamasyon yo. Gen kèk travayè ki te twò nève pou yo te fè entèvyou, men gen lòt travayè ki te aksepte.



# ETAP 3: Mande yon Lèt Sipò Ajans Travay

Aprè plent ou an fin depoze, ou ka mande ajans travay la yon lèt sipò. W ap bezwen lèt sipò a pou w aplike pou pwoteksyon DALE.

## Lèt Sipò Ajans Travay

Yon lèt sipò (ki rele tou "deklarasyon enterè") se yon **lèt ajans travay la voye bay ajans imigrasyon an**. Li di ajans travay la ap mennen ankèt sou vyolasyon sou chantye travay ou a epi li mande pwoteksyon imigrasyon pou travayè yo paske yo ka sèvi kòm temwen. An jeneral, lèt sipò kouvri tout travayè ki te travay sou chantye travay la pandan tan sa ap pran— se pa sèlman travayè (yo) ki te depoze plent lan.



**KILÈ?** Mande yon lèt sipò an menm tan oswa touswit apre ou fin depoze yon plent.



**KIJAN?** Chak ajans gen pwòp pwosesis yo. Enstriksyon yo sou sit entènèt ajans lan. Travay ak sendika ou, sant travayè ou oswa avoka ou sou demann ou an. Ajans lan pral vle konnen ki ankèt ajans lan ap fè ak poukisa travayè yo pè reprezay ki baze sou imigrasyon. Eksplike san ou pa revele estati imigrasyon ou oswa estati imigrasyon pa kòlèg travay ou. An reyalyte, pa site non okenn travayè ditou. Rekèt la ta dwe fèt nan non tout travayè sou chantye travay kote vyolasyon an te fèt la.

Aprè ajans travay la resevwa demann ou an, li pral revize epi decide si li ap ba ou yon lèt sipò. Jeneralman, NLRB a pral reponn nan kèk jou oswa kèk semèn. DOL ak EEOC ka pran plizyè mwa.



**Egzanp:** Yon ti tan aprè Divizyon Salè ak Orè Depatman Travay Ameriken an te kòmanse mennen ankèt sou Konpayi Penti ABC, travayè yo ak sant travayè yo te mande Depatman Travay Ameriken an (US DOL) yon lèt sipò. Yo te eksplike ke yo tap mennen ankèt sou Konpayi Penti ABC pou vyolasyon lwa federal sou salè minimòm. Yo di tou ke kèk travayè te ezite pou yo fè entèvyou paske yo te pè reprezay ki baze sou imigrasyon epi yo mansyone sipèvizè a ki te konn ap poze kesyon sou estati imigrasyon yo. Aprè plizyè mwa, Depatman Travay Ameriken (US DOL) te bay yon lèt sipò pou mande pwoteksyon imigrasyon pou tout travayè ki te travay pou Konpayi Penti ABC nenpòt ki lè apati moman yo te kòmanse vòlè salè an 2018.

**Atansyon!** Yon lèt sipò ajans travay pou kont pa li pa bay estati imigrasyon oswa pwoteje ou kont depòtasyon. Pou chèche pwoteksyon imigrasyon, ou dwe soumèt yon aplikasyon endividyèl (ki gen ladan yon kopi lèt sipò a) bay ajans imigrasyon an!

# ETAP 4: Aplike pou Aksyon Difere

Avèk yon lèt sipò nan men ou, ou kalifye pou aplike pou pwoteksyon DALE nan men ajans benefis imigrasyon an, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken (USCIS)!

Anvan ou ranpli yon aplikasyon nan USCIS, li esansyèl pou ou pale ak yon avoka imigrasyon. Yon avoka ap ede ou konprann benefis ki genyen ak tout risk ki ka genyen lèw aplike epi ba ou konsèy espesifik nan ka paw la.

**Si w decide aplike, w ap bezwen rasanble dokiman yo, pami yo:**



Yon W-2, souch pèman, oswa lòt dokiman ki montre ou te travay nan anplasman travay la (yo) ki kouvri nan lèt sipò ajans travay la. Si ou pa gen yon dokiman ki montre kote ou te travay, ou ka travay avèk avoka ou pou chèche kijan pou pwouve travay ou.



Paspò ou, kat idantifikasyon peyi ou bay, oswa lòt prèv idantite ou ak nasyonalite ou



Nan kèk ka, lèt ki dekri bon karaktè ou ak kontribisyon ou nan kominote w la

Tout moun ki resevwa kouvèti lèt sipò ajans travay la kalifye pou aplike pou DALE, men sonje: desizyon USCIS pou akòde DALE depann de sa yo vle. Lè yap konsidere aplikasyon w lan, USCIS ap gade reyalyte pozitif ak nenpòt aspè ki pi konplike nan istwa ou a, tankou yon dosye kriminel. Lèt sipò ajans travay la se yon gwo reyalyte pozitif ki jwe an favè pou yo akòde aplikasyon w lan.

Si USCIS akòde aplikasyon w lan, li ap voye yon lèt ba ou ki fè konnen yo te ba w aksyon difere pou yon peryòd kat lane. Li pral voye tou yon pèmi travay pou kat lane.



**Egzanp:** Apre travayè Konpayi Pent ABC yo te resevwa lèt sipò USDOLa, sant travayè a te idantifye avoka imigrasyon responsab pou ede fè aplikasyon DALE chak moun. Apre yo fin konsilte avoka yo, pifò travayè yo decide ale pi devan ak aplikasyon yo. USCIS te apwouve pifò aplikasyon yo nan twa mwa. Nan kèk ka, USCIS te mande plis prèv, epi aprè yon ti tan yo te apwouve aplikasyon yo. Travayè yo te apwouve aplikasyon yo te resevwa aksyon difere ak otorizasyon travay pou kat lane. Avèk pwoteksyon DALE yo nan men yo, plis travayè te santi yo alèz pou patisipe nan ankèt sou Salè ak Orè a. Envestigatè yo te kapab rasanble plis prèv epi yo te decide depoze yon dosye nan tribinal kont Konpayi Pent ABC pou rekipere salè travayè yo te pèdi.

**Atansyon!** Notè piblik pa avoka. Pa chèche asistans legal nan men yon notè piblik. Men pito, ou mande sant travayè ou, sendika, oswa lòt òganizasyon kominotè pou rekòmande ou yon avoka konpetan.

# ETAP 5: Kontinye Sendikalize!

Pwoteksyon DALE egziste pou sipòte ou menm ak kòlèg travay ou yo pou yo pale, rapòte abi, epi kontinye sendikalize.

Ke wap goumen pou salè yo pa peye, kondisyon travay ki pi sekirize, yon fen nan diskriminasyon, yon sendika, oswa yon kontra, pwoteksyon DALE yo fèt pou ede ou reyisi.

## Gen kèk fason kle pou kontinye batay la:



Prepare pou yon batay ki long. Pafwa investigasyon ajans travay yo pran plizyè lane. Kanpe ansanm ak kòlèg travay ou yo, epi pa dekouraje si ankèt la pa fini byen vit.



Bati komite w ak kanpay ou. Ede kòlèg travay ou yo aprann sou batay la, ki jan yo ka patisipe, ak ki jan yo ka benefisye pwoteksyon DALE. Envite kòlèg travay ou fè konfyans yo rejwenn ou.



Pafwa investigasyon an mande pou yo site non yon travayè nan mosyon tribinal, temwanyen nan yon odyans oswa bay yon deklarasyon. Travay ak sant travayè ou sendika, oswa avoka pou prepare tèt ou oswa lòt travayè yo, epi mete tèt ansanm pou fè fas kare ak patwon an.




Rete vijilan: Fè atansyon ak reprezay oswa nouvo vyolasyon epi rapòte yo bay ajans travay la oswa sant travayè ou, sendika, oswa avoka ou.



Konsidere lòt estrateji sendika pou atenn objektif ou, tankou konferans pou laprès, rasanbleman, sitin, oswa reyinyon kominotè pou devlope momantòm.



**Egzanp:** Travayè Konpayi Penti ABC te kenbe batay la pandan prèske kat lane. Dosye Salè ak Orè a te trennen, e kèk travayè te kòmanse di ke anplwayè an te genyen epi pa gen anyen ki tap rive. Men apre plizyè travayè te resevwa pwoteksyon DALE, lòt travayè te vin enterese, epi komite sendika a vin gen de fwa plis moun. Plis travayè te santi yo an sekirite ase pou yo kòmanse patisipe nan ankèt la. Plizyè travayè te dakò USDOL te kapab itilize non yo piblikman pou mosyon tribinal yo. Alafen, yo te fòse anplwayè a peye. Travayè yo te genyen plizyè milyon dola nan salè ak penalite ki poko peye, chak moun te resevwa de fwa salè yo te dwe a. Rezolisyon an te gen ladann yon peryòd konfòmite plizyè lane, pandan tan sa USDOL ap siveye aktivman jan Konpayi Penti ABC konfòme li ak lwa travay yo. Travayè yo kontinye aktivman rapòte vyolasyon ki te fèt depi lè rezolisyon an.



**Gen fòs nan inite. Pa goumen poukont ou. Kontakte òganizasyon lokal ou a:**

Mete bwat pou enfòmasyon kontak òganizasyon yo la

### **Rapèl kle apre ou fin aplike pou DALE**

- Sonje, paske ou te sèlman aplike sa pa vle di otomatikman ou pral apwouve. Rete an kontak ak avoka ou ak sant travayè ou oswa sendika ou apre ou fin aplike.
- Ou ta dwe gen randevou pou anprent dijital apeprè yon mwa apre ou fin aplike. Pa rate randevou a. Si ou pa ka rive, kontakte avoka imigrasyon ou.
- Si ou resevwa yon demann pou plis prèv, kontakte avoka ou epi reponn demann lan nan 30 jou.
- Ou ka espere jwenn yon repons nan ajans imigrasyon an anviwon twa rive kat mwa apre ou fin aplike.

### **Yo te akòde mwen DALE! E Kounya?**

- Si yo te akòde w sèlman yon pèmi travay dezan, pale ak avoka w oswa sant travayè w la, òganizasyon kominotè oswa sendika ou sou fason ou ka aplike pou ogmante peryòd yo te ba ou soti dezan rive kat lane.
- Si ou poko resevwa nimewo sekirite sosyal ou nan de semèn, ale nan biwo sekirite sosyal nan zòn ou an pou mande youn.
- Konsilte avoka imigrasyon ou an pou w wè si ou kalifye pou yon pwosesis pou ou vin jwenn estati imigrasyon pèmanan.
- Èske ou enkyete ou pou sa k ap pase aprè pwoteksyon DALE ou a fini? DALE ou a ka renouvlab selon envestigasyon ajans travay la. Tcheke ak avoka w ak sant travayè w omwen 6 mwa anvan otorizasyon travay ou a ekspire.
- Kontinye batay la! Pwoteksyon sa la pou ede ou menm ak kòlèg travay ou yo santi nou pi an sekirite lè nou ap patisipe nan ankèt ajans lan.